

KALANDRIYE Aktivite

MPO	BAC	BCCB	CIR	TCC
Avril				
Jedi 8 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 a 7:00 diswa Sal 301	Lendi 19 a 7:00 diswa Sal 422	Madi 6 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 26 a 2:00 apremidi Sal 302
Me				
Jedi 13 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 a 7:00 diswa Sal 301	Pa gen reyinyon	Madi 4 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 24 a 2:00 apremidi Sal 302
Jen				
Jedi 10 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 9 a 7:00 diswa Sal 301	Lendi 21 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 1 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 28 a 2:00 apremidi Sal 302
Jiyè				
Jedi 8 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 a 7:00 diswa Sal 301	Pa gen reyinyon	Madi 6 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 26 a 2:00 apremidi Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès Government Center,
115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi yo ouvri pou piblik la.



IN PARTNERSHIP WITH THE BROWARD COUNTY BOARD OF COUNTY COMMISSIONERS

Akwonim

AAADT Annual Average Daily Traffic Counts	DPEP Department of Planning and Environmental Protection
APR Annual Performance Report	DRI Development of Regional Impact
APTA American Public Transit Association	EIS Environmental Impact Statement
BAC Bicycle Advisory Committee	EPA Environmental Protection Agency
BCCB Broward County Coordinating Board	FAA Federal Aviation Authority
BCT Broward County Transit	FAC Florida Administrative Code
BLC Broward League of Cities	FCTD Florida Commission Transportation Disadvantaged
BUS Broward Urban Shuttle	FDOT Florida Department of Transportation
CAA Clean Air Act Amendment	FHWA Federal Highway Administration
CBD Central Business District	FS Florida Statute
CMA Congestion Management	FTA Federal Transit Administration
CIR Community Involvement Roundtable	FY Fiscal Year
CMAQ Congestion Mitigation and Air Quality	GIS Geographic Information System
CMS Congestion Management System	MPO Metropolitan Planning Organization
CTC Community Transportation Coordinator	TCC Technical Coordinating Committee

Pou plis enfòmasyon, gade nan:
www.broward.org/mpo

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Aktivite Kominotè a, rele nan nimewo 954-357-6608. Ou kapab mande piblikasyon sa a nan yon fòma an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray. Pou pibliye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400.00, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward County MPO yo.

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301



PRSR STD
US POSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT #3973



VOLIM 10, nimewo 6

Premye Trimès 2004

PLANIFIKASYON TRANSPÒ POU LAVNI NAN BROWARD COUNTY

Yo prevwa lè nou rive nan mwa desanm 2004, popilasyon Broward County a pral gen 33 300 moun an plis pase kounye a. Kouman County a pral kapab reponn bezwen transpò pou moun ak pou machandiz yo? Metropolitan Planning Organization (MPO) Broward County a sèvi ak yon metòd pou evalye bezwen yo, pou fè rekòmandasyon sou priyorite nan pwojè pou transpò yo. Nan evalyasyon bezwen sa yo, genyen objektif pou fè travay touswit ak objektif pou fè travay pandan kèk tan nan County a.



Plan pou Fè Travay pandan Lontan (LRTP) nan Broward County a se yon lis ki montre pwojè ki bezwen fèt nan Broward County pandan 20 an. Nan pami

pwojè ki nan LRTP a, genyen travay pou wout bisiklèt, pou wout pyeton, pou transpò, ak pou tren. Yo revize plan sa a chak 3 an, epi yo gade l anvan yo koumanse nenpòt pwogram transpò ki sèvi ak lajan gouvènman federal la bay.

Kisa k ap fèt nan planifikasyon transpò pou lavni an? MPO Broward County a ap travay sou solisyon altènativ tankou teknoloji pou yon Sistèm Transpò Entelijan (ITS), epi l ap fè pwogrè sou inisyativ tankou Transpò Rapid nan Otobis la (BRT).

An plis LRTP a, MPO a òganize tou yon Sistèm pou Kontwòl Anbouteyaj (CMS), ki pèmèt obsève ak evalye ranman sistèm transpò nan County a, epi adopte solisyon altènativ pou rezoud pwoblèm transpò yo. Li ensiste sou sa ki kapab fèt pou fè ekonomi tan ak lajan, epi pou amelyore kalite lè a, epi pou redwi konsekans negatif sou anviwonman an. Pou fè sa, li planifye amelyorasyon ki kapab fèt touswit ansanm ak amelyorasyon ki kapab fèt apre yon tan nan rezo transpò a pou pèmèt sikilasyon an pi fasil epi pou redwi abouteyaj yo.

Konsèy moun nan piblik la te bay MPO nan Broward County a te pèmèt fè anpil chanjman nan sistèm transpò a. MPO nan Broward County a ap fè tout sa li kapab pou reyalize objektif ki pèmèt plis sikilasyon ak plis amelyorasyon nan sistèm transpò a.

Men kèk nan pwojè yo fenk deside koumanse yo:

Pwogram Amelyorasyon pou Double Ray nan Koridò a



Pwogram sa a, ki sanse fini an 2005, pral bati yon ray ki gen 45 mil pou ranfòse ray ki la deja a, sa ki pral pèmèt Tri-Rail, ki genyen 28 tren deyò chak jou kounye a, vin kapab genyen 48 tren chak jou.

Etid sou Koridò State Road 7/441 ak Pwojè Pon pou Transpò

Anplwaye MPO yo te òganize plis pase 15 reyinyon piblik pou yo te kapab rive wè pi bon altènativ la, se Transpò Rapid nan Otobis la (BRT). Kom rezilta ki zòti nan Etid sou Koridò State Road 7/US441 an, Pwojè Pon pou Transpò a pral sèvi ak otobis espesyal ansanm ak pi bon siyal sikilasyon pou konekte transpò ant sid Broward County a ak nò Miami-Dade County sou State Road 7.

Agrandisman Estasyon Opa-Locka a

Gen yon nouvo platfòm yo bati pou agrandi Estasyon Tri-Rail Opa-Locka a ansanm ak pasrèl pou pyeton an, epi yo mete pi bon limyè ansanm ak bèl jaden epi yon dezèm liy prensipal pou tren.



Avèk yon kowòdinasyon sere ak Broward County Transit epi ak Tri-Rail, MPO Broward County a bay bon ranman nan pwojè transpò ki pèmèt plis moun sèvi ak tren epi otobis pou transpò. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan opsyon transpò oswa nan ajans ki nan County a, rele MPO Broward County a nan nimewo (954) 357-6608, epi mande yon kopi gratis katalòg pou enfòmasyon sou transpò a [Multi-Modal Transportation Information Directory].

*Dapre "Broward County Population Forecast Model" pou ane 2002 a.

Nan Nimewo sa a

- Planifikasyon Transpò pou Lavni Broward County
- Plan MPO Broward County a pou Patisipasyon Piblik
- Festival Tribi Seminòl la pou Ane sa a
- Ki pi Bon Jan pou Sikile nan Trafik pandan Wikenn lan?
- Se yon Kesyon Bon "Je"
- Koneksyon pou Timoun
- Èske ou te Konnen sa?

“Mete I nan Lari a”



Festival Tribi Seminòl la pou Ane sa a

Nan mitan bèl espozisyon bijou an ajan ak travay atis Natif Ameriken yo, Oganizasyon Planifikasyon Metwopoliten (MPO) Broward County a te pale sou kesyon transpò ak sou konsekans planifikasyon pou transpò a pou moun ki nan kominote Davie a.

Yo te byen resevwa anplwaye nou ki te la yo, epi te gen anpil moun ki te pran tan pou mande plis enfòmasyon sou jan MPO a kapab ede yo nan aktivite yo fè chak jou.

Te gen moun ki sòti tou patou nan County a ki te vini nan aktivite sa a, ki te fèt nan wikenn Sen Valanten an. Nan pami moun sa yo, genyen ki te enterese pale sou konsekans Hard Rock Casino a sou ekonomi lokal la, ak sou sikilasyon sou State Road 7 lan. Lòt kesyon yo te pale, se pwojè pou laji wout yo, epi sèvis otobis, epi anbouteyaj nan sikilasyon.

Elèv lekòl yo te rive nan festival la bonè vandredi maten nan plizyè otobis, epi anpil lekòl nan Broward County te patisipe. Te gen plis pase 60 moun ki te vini nan Estasyon Enfòmasyon Mobil la (MIS), ki te sèvi kòm kontwa pou MPO.

MIS la se youn nan nouvo zouti MPO koumanse sèvi nan ane 2004 la. Se yon Veyikil Rekreyasyon 34 pye ki sanse fè koneksyon ant pwojè Florid yo ak kominote nan Florid yo.



PLAN MPO COUNTY A POU PATISIPASYON PIBLIK LA

Richard J. Kaplan,
Direktè MPO,
Majistra
City of Lauderdale

Tankou tout biznis ki nan sektè prive a, MPO Broward County a fè yon revizyon regilyèman sou metod ak pwosedi li sèvi yo. Selman, dènye revizyon nou fè sou Plan pou Patipasyon Piblik la (PIP), se yon pati nan sètifikasyon Administrasyon Federal pou Granwout la fè chak twa ane a kòm yon etap nan sètifikasyon MPO a.

PIP la bay direktiv pou etabli ak pou ankouraje patipasyon piblik la epi pou konekte rezidan Broward County yo ak otorite yo.

Men objektif Plan an:

- Fè piblik la konnen lè gen reyinyon sou kesyon transpò oubyen lòt aktivite.
- Ede piblik la konprann wòl li nan planifikasyon pou transpò ak nan desizyon y ap pran yo.

- Bay piblik la opòtinite depi bonè pou ankouraje l patisipe souvan nan planifikasyon ak nan desizyon y ap pran nan zafè transpò yo.
- Pran kontak ak tout kominote ki nan zòn kote planifikasyon an ap fèt pou bay enfòmasyon ak esplikasyon, ak pou fè moun yo patisipe; fè yon efò espesyal pou kontakte kominote kote ki pa byen reprezante ak/oswa ki pa resevwa anpil sèvis yo.
- Amelyore pwosesis pou patipasyon piblik la.

Pwosesis planifikasyon metwopoliten an prevwa yon metod pou pran desizyon pou investisman nan tranpò nan zòn tankou Broward County yo. Epi li prevwa osi yon sous enpòtan lajan pou pwojè transpò yo.

Epi tou, MPO a ak komite konsèy li a analize PIP la pou gade si pwosesis planifikasyon nou an pèmèt tout kalite moun ki nan popilasyon varye ki nan County a patisipe tout jan. PIP la se yon pati entegral tou nan devlopman ak nan adopsyon plan ak pwogram nou yo.

Ou kapab wè Plan pou Patipasyon Piblik la [Public Involvement Plan] nan pòtay Entènèt MPO a nan adrès www.broward.org/mpo oubyen ou mèt rele nan nimewo (954) 357-6608 pou mande voye yon kopi sou papye ba ou. N ap toujou kontan tande sa ou gen pou w di!

KI PI BON JAN POU SIKILE NAN TRAFIK PANDAN WIKENN LAN?

Mete depasman entèmodal nan itinerè w!



Otobis sou Dlo [WaterBus]

Pandan y ap fè travay pou ranje wout yo nan tout County a, li kapab difisil pou sikile pandan wikenn yo. Si w sèvi ak yon mwayen transpò altènativ tankou Otobis sou Dlo a [WaterBus], ou kapab fè wikenn lan pi enteresan epi sa kapab ede pwoteje anviwonman an tou!

Fort Lauderdale's Water Taxi, ki gen yon flòt chaloup komèsyal, ap ede redwi anbouteyaj anba lavil la ak nan trafik ki ale nan plaj santral la: Travay pandan plis edtan nan jounen an, pou koumanse depi 6:30 dimaten epi kontinye jouk apre minwi.

Nan pami amelyorasyon ki pral fèt nan sèvis WaterBus la, pral genyen lòt sèvis bato sou ray [Ferry Boat] epi yo pral ede entegre WaterBus nan plan transpò pou lavni MPO Broward County a ap prevwa.

Nouvo LRTP a sanse genyen yon pati ladan l pou Transpò sou Dlo ki pral analize bezwen lajan ak bezwen fonksyonman yo pou devlope transpò sou dlo a.

Alokasyon lajan ak akò sibvansyon MPO yo te deja prevwa yon sèvis WaterBus ki te popilè anpil epi ki te byen mache – kididonk travay ki pral bezwen fèt nan lavni a se devlope ak enstitisyonnalize transpò sou dlo a pou kouvri tout kalite sèvis.


Tarif pou Taksi sou Dlo a, ki te \$16, desann pou l rive \$5 pou transpò pandan tou yon jounen. Tarif pou yon voyaj senp pou sòti nan yon pwèn epi ale nan yon lòt ki te \$7.50 desann pou l rive \$4.00. Gen pri espesyal tou pou moun ki gen anpil laj, ak pou moun ki andikape, ak pou timoun. Pou plis enfòmasyon, gade nan adrès Entènèt sa a: www.watertaxi.com.

S E YON KESYON BON “JE”!

Nouvo Lwa na Florid la mande pou chofè ki gen 80 an oswa plis pran yon tès pou je yo.

An 2004, Eta Florid la te pran yon lwa ki te mande plis pase yon demi milyon moun ki kondwi oto epi ki te gen plis pase 80 an pou yo pran yon tès pou je chak fwa yo renouvle lisans chofè yo. Dapre dosye nan Eta a pou ane 2002 a, genyen prèske 694 000 rezidan nan kategori sa a.

Lejislatè nan Eta a, ansanm ak gwoup ki defann enterè moun ki gen anpil laj yo, tankou American Association of Retired Persons (AARP), ki gen 2.6 milyon manm members nan Florid, ap travay pou kreye yon ekip konsèy pou ede moun ki gen anpil laj yo rete dèyè volan oto yo toutotan yo kapab kondwi. AARP nan Florid la, ki te kont tès pou je a anvan, chanje pozisyon l kounye a sou kesyon sa a. Oganizasyon an konsèy tou pou yo fè refòm pou mande moun ki gen anpil laj yo renouvle lisans yo pi souvan (kounye a se chak 6 an, men yo vle chanje l pou chak 3 an), epi pou yo òganize transpò piblik espesyal pou moun ki gen anpil laj, epi pou yo ta



mande ajans nan Eta a etidye kouman yo kapab amelyore transpò pou moun ki pa kapab kondwi oto ankò san danje.

Nouvo egzijans lan pral ede Eta a kontwòle pou rezidan ki nan kategori lwa a pale a fè yon doktè ki gen lisans egzaminen je yo.

Pou yo kapab kalifye dapre egzijans pou lisans chofè nan Florid yo, rezidan ki nan kategori sa a dwe gen yon vizyon 20/70 pou pi piti, nan chak je.

Dapre Depatman Sekirite sou Granwout ak Veyikil Motè a, si yon moun k ap kondwi oto pèdi vizyon nan yon je l, oubyen si li gen yon vizyon ki pi ba pase 20/200 nan yon je, lòt je a dwe genyen yon vizyon 20/40 pou pi piti.

Se pa Florid sèlman k ap adopte restriksyon ki pi fò yo. Lejislatè Kalifòni yo pase plizyè lwa obligatwa pou moun ki gen anpil laj k ap kondwi oto. Youn nan lwa sa yo di si yon chofè ki gen plis pase 70 an fè de (2) aksidan oto oubyen plis pandan yon ane, moun sa a dwe pran yon tès pou kondwi oto.

Anvan 1 janvyè 2004, kèlkeswa laj yon chofè, li te kapab pase 18 an legalman san pran yon tès pou je.

“Mete I nan Lari a”



Koneksyon pou Timoun, Pembroke Pines

Kisa ki kapab pi enteresan pou yon timoun ki nan klas elemanntè pase ale nan yon pak yon samdi maten? Sa ki kapab pi enteresan an, se ale nan youn nan pi gwo aktivite pou timoun nan Broward County!

Gen plizyè santèn timoun ak fanmi yo ki kontakte òganizatè aktivite sa a, South Florida Parenting Magazine, nan Pembroke Shores Park, pou aprann plis bagay sou alimantasyon, sou pwogram pou okipe timoun lajounen, sou edikasyon, sou leson prive, sou sekirite timoun ak sou MPO a.

Pandan aktivite sa yo, ki te dire tout jounen an, yo te mande plis pase 80 paran kisa yo ta vle di, epi anpil nan paran yo te mande plis enfòmasyon, ansanm ak dokimantasyon sou sa MPO a ap fè nan planifikasyon pou transpò. MPO a te bay ti reklam tankou yo-yo, mayo, ak tiliv pou vizitè ki te reponn kesyonè sou transpò a.

Pifò nan moun ki te la yo, se te paran elèv klas elemanntè, men te genyen tou plizyè granpè ak granmè, matant, tonton, ak moun ki responsab timoun, sa ki te fè plis pase 1 000 moun ki te vini nan aktivite sa a. Nan pami kesyon ki te pale yo, te genyen kesyon tankou sekirite sou bisiklèt, twotwa pou pyeton, ak finansman pou transpò.

Youn nan kesyon ki te enterese plis moun yo, se te sistèm Transpò Piblik nan Broward County a. Rezidan yo te di anpil bagay enteresean sou jan yo ta kapab amelyore sistèm lan nan lavni.

ÈSKE OU TE KONNEN SA?

- MPO a, ansanm ak gouvènman Eta a ak operatè sistèm transpò piblik, yo gen responsab pou akonpli planifikasyon transpò metwopoliten an.
- Ant 1982 ak 1999, popilasyon nan zòn lan te vin gen 42% moun an plis, epi chak chofè te vin kondwi 62% mil an plis.
- Sèvis transpò fiks nan Broward County a fè 34.4 milyon vwayaj pasaje chak ane. Otobis BCT yo fè sèvis sou 13.2 milyon mil chak ane.



Navèt Lavil la [City Cruiser],

Navèt Lavil la [City Cruiser] se gwoup otobis jòn ki konekte Fort Lauderdale Beach ak anba lavil Fort Lauderdale la gratis. Pa gen lontan, Navèt Lavil la ogmante sèvis la pou rive nan yon entèval 15 minit epi li chanje lè sèvis la fini, ki te 6:00 dispa pou l vini 1:30 dimaten kounye a. Otobis sa yo derape nan Las Olas Beachfront ak nan Beach Place epi yo pa fè moun nan piblik la peye. Sèvis sa a pèmèt rezidan nan zòn lan ale anba lavil Las Olas epi vizitè yo kapab ale nan magazen san yo pa bezwen chache plas chak fwa pou estasyonnen oto yo.

MPO a te rive ede City Cruiser la jwen sibvansyon ak finansman gouvènman federal pou òganize yon nouvo sèvis ki pral sèvi sou 17th Street Causeway, epi li te jwenn

finansman tou pou ranplase tout otobis City Cruiser yo ak tranmwe anvan fen mwa janvyè 2005 lan.

Altènativ sa a kapab fè transpò w pi enteresan pandan wikenn oswa lasemenn, an menm tan l ap pèmèt soulaje bèl County sa a nou rele lakay nou an. Pou plis enfòmasyon, gade nan pòtay Entènèt sa a: www.citycruiser.org oswa rele nan nimewo 954-761-3543.